Pandan w ap reflechi sou gadri pou timoun ou ki gen laj 3 rive 5 lane...

fè yon vizit...
poze kesyon...
apresa, pran yon desizyon.

Pub-1115C-HC (Rev. 12/2015)

NEW YORK STATE

Office of Children and Family Services

Capital View Office Park
52 Washington Street
Rensselaer, New York 12144

Chwazi yon gadri ki bon se yon desizyon ki enpòtan. Gadri ki san danje ak pozitif prepare teren an pou bon kwasans ak devlòpman. Sa mande tan, pasyans ak konprann kisa pou w chèche lè w ap chwazi yon gadri pou timoun ou.

Pran enfòmasyon sou diferan pwogram gadri epi vizite yo anvan w pran yon desizyon. Rele pou w pran yon randevou. Byen voye je nan tout lokal gadri a. Gade kijan timoun ak adilt yo kominike youn ak lòt. Poze kesyon. Koute. Pale ak paran ki sèvi ak pwogram nan.

Depi w fin chwazi yon sèvis gadri epi y ap okipe timoun ou an, kontinye poze kesyon. Toujou tcheke pou w asire pwogram nan kontinye reponn ak bezwen fanmi w. Se anpil travay, men sa vo lapèn pou timoun ou an.

Chwazi gadri reprezante yon etap enpòtan nan lavi timoun ou. Ou konnen bezwen timoun ou ak fanmi w. Desizyon enpòtan sa a pral fè yon gwo diferans nan devlòpman, sante ak bonè timoun ou.

Reflechi sou Resous Gadri yo

Rele New York Parents' Connection (Koneksyon Paran New York) nan **(800) 345-KIDS** oswa vizite **www.ocfs.ny.gov** pou jwenn kopi:

- Pandan W Ap Reflechi sou Gadri
- Pandan W Ap Reflechi sou Gadri pou Tibebe oswa Timoun Piti Ou
- Pandan W Ap Reflechi sou Gadri pou Timoun Ou Ki nan Laj pou Ale Lekòl

NEW YORK STATE | Office of Children and Family Services

Capital View Office Park
52 Washington Street
Rensselaer, New York 12144
www.ocfs.ny.gov

Pou jwenn yon kopi règleman sou gadri nan Eta New York ak/oswa pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou chwazi gadri, kontakte ajans lokal pou resous gadri ou an, vizite sitwèb Biwo Eta New York pou Sèvis Timoun ak Fanmi nan **www.ocfs.ny.gov** oswa rele Koneksyon Paran New York nan **(800) 345-KIDS**.

Rele Liy Pou Pote Plent pou Gadri a nan **(800) 732-5207** si w gen enkyetid konsènan yon pwogram.

Pou pote plent konsènan abi ak neglijans sou timoun, rele **(800) 342-3720**.

Gen yon lòt bwochi ki disponib grasa Biwo Eta New York pou Sèvis Timoun ak Fanmi:

Lwa Kieran (Pub-4628) yon bwochi sou responsablite ak sèvis ki disponib pou oumenm antanke anplwayè founisè swen adomisil.

Piblikasyon sa a disponib an Espanyòl.
Pub-1115C (Rev. 6/2015)

Dapre Lwa anfavè Ameriken ki Andikape (Americans with Disabilities Act), Biwo Eta New York pou Sèvis Timoun ak Fanmi ap mete dokiman sa a disponib sou demann nan yon fòma ki apwopriye.

Resous

Yon kopi règleman yo disponib nan chak sant gadri reglemante, pa lentèmedyè ajans Resous ak Referans lokal pou zafè Gadri, sitwèb Biwo Eta New York pou Sèvis Timoun ak Fanmi nan **www.ocfs.ny.gov** oswa Koneksyon Paran Eta New York nan **(800) 345-KIDS**.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou chwazi gadri, kontakte ajans Resous ak Referans lokal pou zafè Gadri oswa kontakte Koneksyon Paran New York nan **(800) 345-KIDS** oswa vizite www.**ocfs.ny.gov.**

Si ou gen enkyetid konsènan yon pwogram gadri, rele Liy Pou Pote Plent pou Gadri a nan: **(800) 732-5207**.

Pou pote plent konsènan abi ak neglijans timoun, rele:
(800) 342-3720.

Nòt: _____

_____

_____

_____

_____

_____

_____

_____

1. Vizite pwogram gadri a pandan li louvri epi gen timoun ladann.
2. Pran tan pou w poze kesyon. Voye je nan tout pwogram nan pou w wè kijan yo jere bagay yo.
3. Asire w pwogram gadri a:
   - Gen ase founisè swen/pwofesè pou kantite timoun yo. Tcheke règleman Eta New York yo pou konfime yo respekte yo.
   - Pran mezi pou prevni aksidan epi gen yon plan pou fè fas ak dife oswa ijans medikal.
   - Konnen kijan pou ede timoun yo rete an sante epi anseye yo abitid manje ki bon pou lasante.
   - Planifye yon ekilib ant jwèt anndan ak jwèt deyò ki aktif ak trankil.
4. Li enpòtan pou gen yon bon relasyon ant timoun yo ak founisè swen/pwofesè yo. Founisè swen/pwofesè a dwe:
   - Renmen pale ak jwe ak timoun yo.
   - Gen eksperyans, edikasyon ak/oswa fòmasyon nan pran swen timoun.
5. Konsidere pri a, anplasman an ak kantite èdtan gadri a louvri.
6. Pale ak lòt paran ki sèvi ak pwogram nan epi kontinye chèche jiskaske w satisfè ak chwa ou fè a.

Gadri ki gen lisans oswa ki anrejistre yo dwe respekte egzijans presi pou zafè lasante, sekirite ak pwogram. Kèk pwogram gendwa pa oblije respekte règleman Eta a pou founi swen legalman. Opsyon sa yo dwe reponn ak pwòp prensip pa ou pou zafè lasante, sekirite ak devlòpman timoun ou an.

Sitiyasyon Gadri Reglemante pou Tout Laj

- Sant Gadri - plis pase sis (6) timoun, ki pa nan kay yon moun, pou plis pase twazèdtan pa jou.
- Ti Sant Gadri - twa (3) a sis (6) timoun, ki pa nan kay yon moun, pou plis pase twazèdtan pa jou.
- Gadri Fanmi nan Kay - twa (3) a sis (6) timoun, nan yon kay, pou plis pase twazèdtan pa jou. Youn oswa de (2) lòt timoun ki nan laj lekòl ka vini apre lekòl, dwe gen yon founisè swen pou chak de (2) timoun ki poko gen dezan.
- Gadri Fanmi nan Kay an Gwoup - sèt (7) a 12 timoun nan yon kay, avèk èd yon asistan, pou plis pase twazèdtan pa jou. Jiska kat (4) lòt timoun ki nan laj lekòl gendwa vini apre lekòl.
- Head Start - gen lisans kòm yon gadri epi ofri lòt sèvis anplis pou timoun ak fanmi yo.
- Pwogram pou Pre-Matènèl - ofri nan anpil lekòl piblik pou timoun laj 3 a 5 lane pandan lane lekòl la.
- Gadri Timoun ki nan Laj pou Lekòl - sèt (7) timoun oswa plis (timoun matènèl jiska laj 12 zan) pandan lè pa gen lekòl.

Peye pou Gadri

Ou gendwa kalifye pou èd pou peye pou gadri. Kontakte depatman sèvis sosyal Konte pa w la pou w jwenn plis enfòmasyon sou sibvansyon pou gadri. Pou jwenn depatman sèvis sosyal lokal ou an, rele Koneksyon Paran Eta New York nan **(800) 345-KIDS** oswa ale nan **www.ocfs.ny.gov**.

Kredi Taks nan Eta New York pou Swen Timoun ak Depandan

Ou gendwa kalifye pou reklame kredi taks nan Eta New York pou swen timoun ak depandan. Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte Depatman Taks ak Finans Eta New York ak Enfòmasyon Taks Jeneral Finans nan **(800) 225-5829** oswa ale sou sitwèb la nan **www.tax.ny.gov**.

Nòt: _____

_____

_____

_____

_____

_____

_____

_____

Pwogram 2

Pwogram gadri: _____

Adrès Gadri a: _____

_____

Nimewo Telefòn Gadri a: _____

Kalite Gadri a: _____

Kantite Timoun: _____

Kantite Founisè swen/Pwofesè: _____

Pwogram 3

Pwogram gadri: _____

Adrès Gadri a: _____

_____

Nimewo Telefòn Gadri a: _____

Kalite Gadri a: _____

Kantite Timoun: _____

Kantite Founisè swen/Pwofesè: _____

Sitiyasyon Gadri ki Legal, men ki Pa Reglemante

- Swen Enfòmèl - swen ki founi pa mwayen fanmi yon timoun, yon zanmi fanmi an oswa yon vwazen ki gade youn oubyen de timoun ki pa fanmi ak founisè swen an, men se pa janm plis pase wit timoun antou.
- Swen nan Kay - lè yon founisè swen vin lakay ou pou gade timoun ou yo.
- Pwogram Lekòl Pouponyè ak Pre-Matènèl ki Pa Piblik - Yon pwogram ki pa nan kay yon moun, ki okipe timoun pandan twazèdtan pa jou oswa mwens.

Fason pou Ranpli Lis kontwòl la

Vizite chak pwogram. Poze kesyon epi voye je tout kote pou wè kijan yo jere bagay yo. Poze kesyon sou bagay ki enpòtan pou oumenm epi ki pa sou lis kontwòl la. Selon sa ou jwenn, ekri W/wi oswa N/non nan espas yo bay la. Depi ou fin fè vizit ou yo, konpare diferan pwogram yo. Pale ak lòt paran ki sèvi ak pwogram nan. Answit deside ki pwogram ki pi bon pou timoun ou an ak fanmi w.

Kesyon pou w poze epi sa pou w chèche...

Pri sèvis gadri a, èdtan pwogram nan ak transpò se bagay ki enpòtan pou w konsidere lè w ap chwazi yon gadri. Asire w règleman ak règ gadri a disponib alekri.

Bezwen Fanmi an	Pwogram 1	Pwogram 2	Pwogram 3
Ou ka ale nan lokal gadri a apati lakay ou ak travay ou.			
Pwogram nan louvri nan lè timoun ou an bezwen swen.			
Poze kesyon sou règleman pèman tankou: • Pèman sibvansyon pou gadri • Opsyon pèman yo • Dat echeyans ak frè pou pèman anreta • Pèman vakans ak jou ferye			
Paran yo ka vizite pwogram gadri a nenpòt lè li louvri.			
Paran yo jwenn yon kopi règleman ak règ yo pou pwogram gadri a.			
Yo bay paran yo enfòmasyon sou aktivite yo pou timoun yo omwen yon fwa chak semèn.			

Enfòmasyon sou Pousantaj Founisè swen/Pwofesè

Itilize espas sa a pou w ekri enfòmasyon sou chak pwogram ou te vizite. Dwe gen ase founisè swen/pwofesè pou kantite timoun ki nan yon pwogram. Ou ka jwenn pousantaj pou swen reglemante nan règleman Eta a. Pou swen ki legal, men ki pa reglemante, machaswiv yo endike nan bwochi sa a.

Pwogram 1

Pwogram Gadri a: _____

Adrès Gadri a: _____

_____

Nimewo Telefòn Gadri a: _____

Kalite Gadri a: _____

Kantite Timoun: _____

Kantite Founisè swen/Pwofesè: _____

Kesyon pou w Poze epi sa pou w chèche...

Konpare epi konsidere diferan pwogram ou te vizite pandan rechèch ou an. Mande lòt paran enfòmasyon sou pwogram nan. Rele biwo rejyonal Biwo Eta New York pou Sèvis Timoun ak Fanmi pou jwenn istwa sou lisans (ansanm ak vyolasyon règleman) pou pwogram reglemante yo. Yo endike vyolasyon yo tou sou sitwèb OCFS la nan **www.ocfs.ny.gov** Pou w kontakte biwo rejyonal lokal ou an rele nan **(800) 732-5207** oswa vizite sitwèb la nan **www.ocfs.ny.gov.** Answit deside kikote ou santi ou alèz pou w kite timoun ou an epi èske se li ki pi adapte pou fanmi w.

Anvan w Pran yon Desizyon	Pwogram 1	Pwogram 2	Pwogram 3
Biwo rejyonal OCFS la ap fè w konnen si pwogram nan: • Gen lisans oswa anrejistre. • Te gen lisans oswa anrejistre avan sa. • Gen istwa anrejistreman/lisans oswa vyolasyon.			
Pale ak lòt fanmi ki sèvi ak pwogram nan.			

Nòt: _____

_____

_____

_____

Kesyon pou w Poze epi sa pou w chèche...

Yon bon relasyon ant timoun nan, fanmi ak founisè swen/pwofesè a enpòtan pou tout moun. Founisè swen/pwofesè a dwe gen eksperyans, edikasyon ak/oswa fòmasyon nan gadri. Founisè swen/pwofesè yo dwe renmen pale ak jwe ak timoun epi kominike byen avèk paran yo.

Reflechi sou Founisè swen/ Pwofesè a	Pwogram 1	Pwogram 2	Pwogram 3
Founisè swen/pwofesè a gen eksperyans nan pran swen timoun epi li renmen travay avèk yo anpil.			
Founisè swen/pwofesè a pran klas fòmasyon ak/oswa edikasyon pou aprann sou lasante, sekirite ak devlòpman timoun yo.			
Founisè swen/pwofesè a salye chak timoun ak paran lè yo vini nan pwogram nan ak lè yo prale.			
Lè yon timoun kontrarye founisè swen/pwofesè a reponn ak bezwen timoun nan byen vit menm lè pwogram nan okipe.			
Founisè swen/pwofesè a respekte epi konprann valè ak kilti fanmi timoun nan.			

Reflechi sou Founisè swen/ Pwofesè a	Pwogram 1	Pwogram 2	Pwogram 3
Yo te pran anprent epi fè tout verifikasyon pase kriminèl ak abi sou timoun ak verifikasyon Sant Jistis (Justice Center) pou tout founisè swen/pwofesè, ranplasan reglemante yo ak nenpòt moun ki gen plis pase 18 lane k ap viv nan yon gadri reglemante nan kay.			
Mande founisè swen enfòmèl la si li gen yon pase kriminèl ak si pral gen nan kay la nenpòt lòt moun ki gen plis pase 18 lane pandan lè gadri yo.			

Nòt: _____

_____

_____

_____

_____

_____

_____

_____

_____

_____

Kesyon pou w Poze epi sa pou w chèche...

Pwogram yo dwe fikse limit pou timoun yo. Limit sa yo depann de laj ak kapasite yon timoun. Yo dwe fè timoun yo sonje limit yo san frape yo ni fè yo pè, san blese santiman yo ni anile yon bagay ki enpòtan tankou manje oswa repo. Pa janm gen otorizasyon pou sanksyon kòporèl.

Jesyon Konpòtman Pozitif	Pwogram 1	Pwogram 2	Pwogram 3
Pwogram nan gen yon Plan Jesyon konpòtman alekri ke yo bay chak paran.			
Paran yo aksepte Plan Jesyon Konpòtman pwogram nan.			
Plan Jesyon Konpòtman pou timoun laj 3 a 5 lane gen ladan: • Rapèl janti pou ede yo antann yo. • Èd pou pale sou santiman yo ak itilize mo pa yo. • Limit ki rezonab.			
Gen ase espas ak divès kalite bagay enteresan pou yo jwe avèk yo. Founisè swen/pwofesè a ede timoun yo jwenn yon lòt bagay pou yo fè lè yo fristre ak yon aktivite.			

Tan Aktif ak Trankil	Pwogram 1	Pwogram 2	Pwogram 3
Pou jwe deyò nan dlo, pwogram nan pa sèvi ak ti pisin gonflab ak lòt pisin ki pa apwouve pou yo itilize.			
Gen mèb mou ak jwèt boure lè timoun yo bezwen yon espas ak tan trankil.			
Pwogram nan planifye repo/kabicha pou timoun yo chak jou: • Yo toujou wè epi tande timoun yo pandan y ap kabicha. • Espas la trankil epi gran ase pou kabicha. • Timoun yo gen pwòp nat, kad oswa kabann pa yo avèk kouvreli ak dra pwòp. • Yo planifye aktivite trankil pou timoun ki leve bonè oswa ki pa kabicha.			

Nòt: _____

_____

_____

_____

_____

_____

_____

Kesyon pou w Poze epi sa pou w chèche...

Li enpòtan pou konnen ki mezi pwogram nan pran pou evite aksidan ak ki plan yo gen anplas pou ka ijans.

Prevansyon Aksidan	Pwogram 1	Pwogram 2	Pwogram 3
Yo sipèvize timoun yo epi yo ka wè epi tande yo toutan, menm pandan y ap kabicha.			
Pwogram nan pwoteje timoun yo pou anpeche aksidan. Pwoteksyon yo gen ladan: • Yo estoke kote pou timoun pa rive jwenn yo, matyè toksik ak danjere, tankou medikaman ak likid pou netwayaj. • Yo kouvri plòg elektrik yo. • Gen kadna rezistan pou timoun nan amwa yo. • Yo tache kòd k ap pann nan pèsyèn yo. • Yo pa ka rive jwenn ti objè nan kay ki ka riske toufe yo. • Gen pòtay sekirite nan eskalye yo.			
Yo te tcheke pwogram gadri a pou penti k ap dekale, radon ak amyant.			

Prevansyon Aksidan	Pwogram 1	Pwogram 2	Pwogram 3
Gen kloti oswa yon lòt baryè solid pou kenbe timoun yo lwen pisin, etan, ak lòt kote ki gen dlo.			
Pwogram nan tcheke ekipman deyò ak andedan yo regilyèman pou wè si yo pa ize.			

Jesyon Ijans	Pwogram 1	Pwogram 2	Pwogram 3
Pwogram nan gen yon plan pou jere dife oswa ijans medikal.			
Pwogram nan konnen kijan pou jere ti blesi ak sa yo dwe fè lè yon blesi mande pou fè yon vizit kay doktè oswa nan sèvis ijans.			
Gen yon telefòn ki mache. Nimewo ijans yo afiche.			
Pwogram nan gen yon twous premye swen an rezèv.			

Aprann, Reflechi ak Imajine	Pwogram 1	Pwogram 2	Pwogram 3
Gen divès kalite ak ase materyèl ak jwèt ki pwòp, san danje epi nan bon eta pou timoun yo itilize poukont yo: • Materyèl pou jwèt imajinasyon anndan ak deyò tankou rad pou abiye, po ak kaswòl, zouti an jwèt, dlo ak sab. • Papye, kreyon koulè, penti, ak ajil. • Jwèt, jwèt kastèt ak yon aparèy radyo/CD/kasèt.			

Tan Aktif ak Trankil	Pwogram 1	Pwogram 2	Pwogram 3
Espas ak ekipman pou jwe deyò ak anndan yo pwòp, san danje epi yo pa gen rebò ki file.			
Yo mennen timoun yo deyò chak jou sof si gen move tan.			
Espas anndan an gran ase pou timoun ki aktif yo sèvi ak balon, tapi ak kousen pou jwèt woule ak pouse/monte.			

Kesyon pou w Poze epi sa pou w chèche...

Yon anbyans gadri ki ofri divès kalite aktivite ak eksperyans ap ede timoun yo devlope ladrès pou prepare pou lekòl. Chèche yon ekilib ant jwèt aktif, trankil, anndan ak deyò dapre kapasite ak enterè timoun yo.

Pale ak Lang	Pwogram 1	Pwogram 2	Pwogram 3
Pou ede timoun yo itilize mo, founisè swen/pwofesè a: • Li istwa, chante chanson ak nonmen objè ak timoun yo. • Ankouraje timoun yo pale ak poze kesyon. • Ofri liv, jwèt ak lòt materyèl tankou magazin ak kasèt/CD pou timoun yo itilize poukont yo.			

Gade Televizyon	Pwogram 1	Pwogram 2	Pwogram 3
Yo itilize televizyon ak videyo sèlman pandan peryòd tan kout ak pou fè edikasyon.			
Gen lòt aktivite pou timoun ki pa vle gade televizyon oswa videyo.			

Ijans Dife	Pwogram 1	Pwogram 2	Pwogram 3
Gen detektè lafimen sou chak etaj ak plizyè ekstenktè polivalan nan kay gadri a. Sant gadri a gen yon sistèm pou deteksyon dife.			
Gen omwen de (2) sòti apa nan batiman an sizoka gen dife.			
Yo fè pratik avèk timoun yo omwen yon fwa pa mwa sou plan pou evakye nan yon sitiyasyon ijans pou dife, menm pandan lè kabicha yo.			

Nòt: _____

_____

_____

_____

_____

_____

_____

_____

_____

_____

Kesyon pou w Poze epi sa pou w chèche...

Pou kenbe timoun yo an sante, founisè swen/pwofesè a dwe ankouraje bon abitid sante epi pran mezi pou anpeche mikwòb pwopaje. Asire w konnen pwogram nan gen yon plan swen lasante apwouve epi mande pou w wè yon kopi. Pwogram gadri yo dwe swiv règ presi pou bay timoun yo medikaman san preskripsyon ak medikaman preskripsyon.

Kenbe Timoun yo an Sante	Pwogram 1	Pwogram 2	Pwogram 3
Tout timoun yo dwe gen vaksinasyon yo ajou.			
Pou anpeche mikwòb pwopaje, pwogram nan fè lavaj men anpil fwa pandan jounen an. Timoun yo lave men yo souvan tou pandan jounen an.			
Sèvis gadri a pwòp. Yo lave jwèt yo, mèb yo ak atè a souvan avèk yon solisyon klowòks pou anpeche pwopaje mikwòb.			

Lè Timoun yo Malad oswa Blese	Pwogram 1	Pwogram 2	Pwogram 3
Plan swen sante pwogram nan reponn ak bezwen swen lasante timoun mwen an.			
Pwogram nan gen yon plan pou jere ijans medikal.			

Reflechi Sou Kenbe
Timoun yo An sante

Lè Timoun yo Malad oswa Blese	Pwogram 1	Pwogram 2	Pwogram 3
Plan swen sante a endike si pwogram nan ap bay timoun yo medikaman.			
Founisè swen/pwofesè a gen konpetans ak fòmasyon pou: • Bay timoun yo medikaman san preskripsyon oswa medikaman preskripsyon. • Ka fè distenksyon ant yon ti blesi ak yon blesi ki bezwen swen medikal. • Bay premye swen ak CPR.			

Manje nan Fason ki bon pou lasante	Pwogram 1	Pwogram 2	Pwogram 3
Manje ak ti goute yo gen ladan divès kalite fwi fre, legim, vyann, pen ak pwodwi abaz lèt.			
Yo afiche meni pou manje ak ti goute yo oswa yo bay paran yo meni an davans.			
Yo bay timoun ki pi piti yo manje pòsyon pi piti. Yo pa sèvi manje ki ka lakòz timoun yo toufe tankou pòpkòn, kawòt, pistach oswa rezen.			
Peryòd manje a se moman pou aprann ladrès tankou manje poukont yo nouriti yo ka manje ak dwèt, sèvi avèk yon kiyè oswa fouchèt oswa mete kouvè.			